# ñaari baat a ngi nii yu woyof ci làmmeñ, diis ci màndaxekaay ba, Yàlla miy Aji-Yërëme ji sopp leen

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ñaari baat a ngi nii yu woyof ci làmmeñ, diis ci màndaxekaay ba, Yàlla miy Aji-Yërëme ji sopp leen: Subhaanal Laahil Hasiim, Subhaanal Laahi wa bi hamdihii».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne am na ñaari baat yu nit ki di wax ci lu dul coono ak ci bépp anam, te seenug fay màgg lool ca màndaxekaay ba , te sunu Boroom miy Aji-Yërëme ji bëgg leen muy: Subhaanal Laahil Hasiim, Subhaanal Laahi wa bi hamdihii; ngir li ñu làmboo ci melal Yàlla cig màgg ak mat, ak sellal ko ci ay wàññiku -baarkeel na te kawe na-.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5507

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee